



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 80 MILYON DOLA DISPONIB POU SIPÒTE ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL SAN BI LIKRATIF YO NAN ETA NEW YORK

*Fon pwojè kapital NYSCA gen twa kategori sibvansyon, enkli yon opòtinite  
premye fwa pou sibvansyon konsepsyón kapital pou atizay ak kilti*

*Eta te déjà kontribye plis pase 13 milyon dola nan agrandisman Hudson Valley  
Shakespeare – Youn nan premye pwojè ki te resevwa 10 milyon dola atravè  
gwo opòtinite sibvansyon kapital NYSCA*

*Bati sou 32 milyon dola nan sibvansyon kapital NYSCA yo te déjà akòde an  
2024 pou sipòte òganizasyon atizay ak kiltirèl yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a jiska 80 milyon dola nan finansman kapital ki disponib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la. Gouvènè Hochul te anonse nouvo finansman an nan kad inogirasyon pwojè ekspansyon Hudson Valley Shakespeare la, ki gen ladann yon teyat sètifye LEED ak restorasyon tè ekolojik. Agrandisman an sipòte pa yon envestisman 13.25 milyon dola nan men NYSCA, Empire State Development, jan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Mid Hudson ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la rekòmande a.

"Òganizasyon atizay ak kiltirèl tankou Hudson Valley Shakespeare se eleman santral nan kominote yo atravè Eta New York — sa ki ranfòse ekonomi lokal yo epi ankouraje endistri touris dinamik nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap selebre inogirasyon agrandisman Hudson Valley Shakespeare la, n ap tou rann 80 milyon dola disponib pou ede plis òganizasyon atravè eta a gen opòtinite pou yo grandi, pwospere ak enspire pwochen jenerasyon Nouyòkè yo."

Opòtinite finansman 80 milyon dola a bati sou 32 milyon dola nan prim kapital NYSCA te fè nan kòmansman ane sa a, ki gen ladan finansman pou plizyè ane pou facilite pwojè kapital a gwo echèl ki priyorize devlopman kominotè ak kreyasyon espas.

Fon Pwojè Kapital NYSCA a pral sipòte enstitisyon atistik ak kiltirèl k ap chèche finansman Eta a pou envestisman nan amelyorasyon kapital ki pèmèt òganizasyon yo soutni ak elaji pwogram kiltirèl pou divès piblik, ankouraje aksè ak dirabilite anviwònman an, prezève ak kreye travay, epi finalman kontribye nan kwasans sektè atistik ak touris New York yo.

Twa opòtinite yo se:

**Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen pou Zèv Atistik ak Kilti:**

Opòtinite sa a finanse pwojè ke òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo inisyé ki gen nenpòt gwo sè, avèk sibvansyon jiska 2 milyon dola ki priorize aksè, zèv atistik, devlopman kiltirèl, dirabilite, sante ak sekrite, ak amelyorasyon estriktirèl ak istorik. Sibvansyon non-kobtrepatti ak 10,000 dola-25,000 dola ak 50,000 dola-99,000 dola disponib pou òganizasyon ki gen bidjè fonksyònman ki poko gen 2 milyon dola. Pwojè solid yo kombine ekselans nan konsepsyon ak desizyon enfòme sou kapasite òganizasyonèl ak bezwen kominate a ki pral afekte pozitivman avni òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè New York.

**Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon pou Zèv Atistik ak Kilti:** Opòtinite sa a pral sipòte enstitisyon zèv atistik ak kiltirèl atravè eta a k ap antreprann amelyorasyon kapital ki gen enpak epi a gran echèl. Sibvansyon an ap varey ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola pou pwojè ki gen yon pri total 4 milyon dola oswa plis. Finansman sa a pral sipòte envestisman pou pèmèt òganizasyon yo pwospere nan elaji pwogram kiltirèl, atenn nouvo odyans ak sa ki divèrsifye, ak ankouraje aksè. Sibvansyon sa yo pral ede tou fè avanse objektif Eta a konsènan devlopman ekonomik, divèsite, ekite ak enklizyon, epi yo pral mande pou tout aplikan yo angaje nan inisyativ ekite sosyal ak plan aksè ki sèvi tout Nouyòkè yo.

**Sibvansyon Konsepsyon Kapital pou Zèv Atistik ak Kilti:** Nouvo opòtinite sa a pral sipòte devlopman dokiman konsepsyon entèmedyè ak avanse pou òganizasyon atizay ak kiltirèl san bi likratif ak bidjè fonksyònman 10 milyon dola oswa mwens atravè eta a ki ap planifye amelyorasyon kapital elijib epi ki nan premye etap konsepsyon yo kounye a. Sibvansyon yo pral varey ant 50,000dola-500,000 dola, pou yon maksimòm 50 pouzan nan montan total pou faz konsepsyon an. Sibvansyon ki pa kontrepatti ak 50,000 dola a 99,000 dola pral disponib tou pou òganizasyon ki gen bidjè ki poko gen 2 milyon dola.

Pòtay aplikasyon an ak gid pou opòtinite sa yo ouvri kounye a, epi ou ka jwenn aksè sou sitwèb NYSCA, [arts.ny.gov](http://arts.ny.gov). Delè pou soumisyon aplikasyon ki ranpli a se 14 janvye 2025. Yo ankouraje tout òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif nan Eta New York ki elijib yo pou yo aplike pou Fon Pwojè Kapital NYSCA a. NYSCA pral reyalize tou seminè sou entènèt sou pwosesis aplikasyon an epi òganize plizyè sesyon biwo vityèl pou aplikan yo resevwa asistans youn a youn anvan dat limit 14 janvye 2025. Aplikan potansyèl ki enterese yo nan sipò pou Gwo Kapital yo ta dwe konsilte ak ekip Pwojè

Kapital NYSCA pou asire ke pwojè yo ann akò ak priyrite pwogram yo anvan yo aplike. Yo prevwa ke yo pral anonse prim sibvansyon nan sezon prentan 2025.

Gouvènè Hochul te fè anons la jodi a pandan y ap selebre inogirasyon agrandisman Hudson Valley Shakespeare la, ki sipòte pa yon envestisman eta 13.25 milyon dola ki soti nan NYSCA, ESD, ak OPRHP. Pwojè sa a se te youn nan premye pwojè ki te resevwa 10 milyon dola atravè opòtinite sibvansyon Gwo Kapital NYSCA a, ki te anonse pou premye fwa an 2022. Avèk sipò sa a, Hudson Valley Shakespeare pral transfòme plis pase 40 kawo tè ki fèk akeri an yon destinasyon pandan tout ane a ki pral ofri pwogram atistik eksepsyonèl, peyzaj sansasyonèl, rekreyasyon deyò, ak aktivite angajman kominotè gratis, tout sa nan yon sèl kote. Yon fwa yo fini, nouvo kanpis sa a pral atire vizitè ki soti nan Hudson Valley ak pi lwen epi li pral sèvi kòm yon pisans ekonomik pou tout rejyon an.

Depi lè Pwojè Fon Kapital NYSCA a te kòmanse an 2018, ajans lan te bay 473 sibvansyon kapital, ki totalize 216 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo pa mwayeren sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Nan ane fiskal 24, 69 pouzan nan prim yo te ale nan òganizasyon ki gen bidjè ki mwens pase 3 milyon dola.

Gouvènè Hochul kontinye fè envestisman rekò pou devlope nan New York sektè atistik ak kiltirèl ki enpòtan nan peyi a. Bidjè ane fiskal 2025 ki adopte a gen ladan tou plis pase 80 milyon dola pou sipò operasyonèl jeneral NYSCA pou òganizasyon san bi likratif yo ak atis endividiyèl yo. Yo pral bay sibvansyon sa yo nan fen ane sivil la.

**Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Erika Mallin, te deklare,** "Pwojè enpòtan sa yo kreye chemen avanse pou enstalasyon kiltirèl nou yo epi galvanize kominote yo ak benefis ekonomik ak sosyal ki depase envestisman yo. Pwojè atizay ak kilti yo amelyore kominote yo yon fason eksponansyèl ak gwo ogmantasyon nan touris, ti biznis, pwosperite pèsonèl ak sante. Lè nou bay kalite sipò sa a, n ap bay òganizasyon yo opòtinite pou yo reve gwo epi pou yo sèvi pi plis ak plis Nouyòkè ak vizitè menm jan."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Hudson Valley Shakespeare, youn nan lokal rejyonal ki pi popilè nan Eta New York, atire vizitè ki soti nan tout kwen nan peyi a epi li se yon pisans ekonomik enpòtan nan rejyon Mid-Hudson lan. ESD fyè pou l sipòte agrandisman Hudson Valley Shakespeare pou menm plis rezidan yo ak vizitè yo ka fè eksperyans teyat an dirèk pandan plizyè ane k ap vini yo."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Atis yo se yon jeneratè touris vital pou New York, epi I LOVE NY kontinye ankouraje òf kiltirèl san parèy eta a. Anba Gouvènè Hochul, envestisman sa yo pral ede amelyore ak kreye nouvo opòtinite pou envite yo fè eksperyans atizay pou tèt yo epi chèche konnen kijan li fasil pou renmen New York."

**Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare**, "Envestisman kontinyèl sa a nan òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo rekonèt fason yo bay pouffa ak sipòte ekonomi nou an, sistèm edikasyon nou yo ak kominote nou yo. Mwen fyè dèsk Eta New York rekonèt enpòtans kritik pou kenbe boza ak kilti aksesib epi disponib."

**Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare**, "New York depi lontan se kapital atizay ak kilti nasyon nou an. Pandan sektè atistik nou an ap travay pou konstwi enfrastrikti modèn ak fleksib, sibvansyon kapital sa yo pral ede fòtifye òganizasyon ki depi lontan klere limyè nan kominote pa yo. Envestisman sa yo reyafime lafwa nou nan ti biznis, travayè, ak atis ki defini vil ak komin nou yo, pandan y ap dirèkteman ranfòse ekonomi lokal yo tou. Avni sektè atistik nou an briyan."

**Davis McCallum, Direktè Atistik Hudson Valley Shakespeare la, te deklare**, "Resewwa youn nan Gwo Sibvansyon Kapital yo an 2022 se te yon bagay ki enpòtan anpil pou nou kòmanse travay jodi a nan premye teyat LEED Platinum nan peyi a, sou yon kanpis ekolojik ki mezire 40 ekta ki bay sou Rivyè Hudson. Nou rekonesan anpil anvè NYSCA pou sipò premature yo pou yon pwojè ki pote transfòmasyon ki rasanble atizay, dirabilite anviwònman an, ak devlopman ekonomik. Sipò NYSCA pou òganizasyon atistik ak kiltirèl tankou HVS gen anpil enpak pa sèlman nan kominote tankou pa nou yo nan Mid Hudson Valley, men atravè tout Eta New York."

### **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Mision Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte reyabilitasyon kontinyèl zèv atistik nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 162 milyon dola nan Ane Fiskal 2025 la, ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [arts.ny.gov](http://arts.ny.gov), epi swiv paj [Facebook](#) NYSCA, sou X [@NYSCArts](#) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)